

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Pangajaran jeung buku ajar mangrupa dua hal anu silih lengkepan. Pangajaran bisa lumangsung sacara éfektif lamun dilengkepan ku média pangajaran, anu salah sahijina nya éta buku ajar. Buku ajar bisa dirancang sarta digunakeun kalawan bener lamun niténan sajumlahing komponén dina pangajaran. Komponén pangajaran téh ngawengku murid, guru, matéri/bahan ajar, pidangan bahan ajar, jeung latihan. Buku ajar anu alus nya éta buku ajar anu geus némbongkeun beungkeutan komponén pangajaran anu gumulung jadi hiji. Antukna bahan ajar, pidangan bahan ajar, jeung latihan bisa leuwih babari dicangkem ku murid sarta guru.

Nurutkeun H.G. Tarigan (2009: 13), buku ajar téh nya éta buku pangajaran dina widang *studi* anu tangtu, mangrupa buku standar, disusun ku para ahli dina widangna séwang-séwangan pikeun maksud jeung tujuan instruksional, dilengkepan ku sarana-sarana pangajaran anu saluyu sarta babari dicangkem ku pamakéna boh di sakola-sakola boh di paguron luhur sangkan bisa ngarojong hiji program pangajaran.

Buku ajar mangrupa salah sahiji sumber pangaweruh murid di sakola anu bisa dijadikeun sarana pikeun ngarojong prosés kagiatan diajar. Buku ajar kalintang pentingna dina nangtukeun suksés henteuna siswa salila lumangsungna prosés pangajaran di sakola. Ku kituna buku ajar anu alus téh salian ti bisa némbongkeun beungkeutan komponén pangajaran, tapi bisa ogé dijadikeun

sumber pangaweruh pikeun ngarojong prosés diajar sarta bisa ngaping jeung ngarahkeun prosés diajar di kelas kana prosés anu mibanda mutu.

Kiwari aya sababaraha fakta kumaha pentingna buku ajar, anu ngabalukarkeun kudu ayana parobahan dina nyusun sarta ngamekarkeunana. Kahiji, sababaraha buku ajar anu medal geus disaluyukeun jeung kamekaran IPTÉK sarta kurikulum. Nanging loba kénéh buku ajar anu teu bisa nyaluyukeun jeung dua hal éta. Kadua, tina aspek pidanganana loba buku ajar anu *mérialistik* teu ngahudang kasadaran *aféktif (émosional)* murid saeutik ogé. Sanajan tatapakan *kognitif* karasa pisan, tapi sacara inteléktual mah teu bisa numuwuhkeun daya kritis jeung kapanasaran anu maca nya éta guru jeung murid. Katilu, buku ajar téh mangrupa hiji-hijina buku rujukan anu dibaca ku murid jeung sawatara guru. Ieu hartina murid jeung guru neureuy buleud-buleud unggal informasi anu aya dina buku ajar. Kaopat, saéstuna buku ajar téh mangrupa média anu penting jeung stratégis dina widang atikan. Buku ajar mangrupa tapsiran pangutamana dina visimisi hiji atikan. Ku lantaran kitu sabenerna mah buku ajar téh bisa dijadikeun salah sahiji cara pikeun ngaronjatkeun mutu atikan. Disagigireun miboga peran pikeun nepikeun patalina antara konsép dina sakabéh cabang élmu pangaweruh anu dipaluruh ku murid, buku ajar ogé miboga peran pikeun ngaronjatkeun inteléktualitas murid sarta méré ide ka murid jeung guru pikeun maluruh leuwih jero ngeunaan topik-topik anu ditepikeun. Katujuh, buku ajar bisa ngabantuan guru dina medar hiji hal. Kadalapan, kurangna minat maca murid di sakola-sakola. Ieu hal balukar tina kesan munggaran anu goréng, ku lantaran buku ajarna teu narik ati sarta pikasieuneun. Pamungkas anu kasalapan nya éta tarékah

ngaronjatkeun mutu atikan miboga tujuan pikeun optimalisasi kamampuh murid. Sakuduna, tarékah anu diheulakeun téh nya éta anu dirasakeun langsung ku murid. Teu bisa diapilainkeun, yén buku ajar mangrupa salah sahiji média ajar anu bisa dicekel, dirasakeun, jeung bisa jadi sobat dalit murid. Ieu fakta-fakta téh bisa dijadikeun tatapakan pikeun nyusun buku ajar anu bisa ngahudang sumanget pamacana sangkan maluruh sakabéh pidangan bahan ajar kalawan imeut tur gemet.

Tadi geus kasabit-sabit yén buku ajar téh raket pisan patalina jeung kurikulum. Buku ajar anu alus sakuduna mibanda kasaluyuan jeung kurikulum, sarta bisa dijadikeun pangrojong dina ngalaksanakeun kurikulum éta sorangan. Ku lantaran buku ajar digunakeun di sakola, anu tangtuna sakola téh miboga kurikulum jadi nalika nyusun buku ajar para ahli hususna atawa saha waé umumna anu miboga karep pikeun ngeuyeuban buku ajar anu geus aya kiwari kudu suméndér kana kurikulum anu keur lumaku dina mangsana. Sanajan buku ajar raket pisan patalina jeung kurikulum, kurikulum teu bisa nangtukeun sagala hal. Kurikulum masih kénéh kudu ditapsirkeun, dipedar, diwincik hiji-hiji, dilengkepan, diwuwuhan, sarta aya prosés anu ngarahkeun kurikulum kana kompeténsi, hasil diajar, indikator, jeung matéri pokok. Dina nyusun buku ajar, panulis kudu nataharkeun silabus jeung métode pangajaran sarta bahan jeung cara midangkeunana anu tangtuna teu diébréhkeun dina kurikulum.

Lamun ditilik tina sakabéh hal anu geus dipedar di luhur, geus bisa katangén guru jeung murid kudu seléktif dina milih buku ajar anu baris digunakeun. Ku lantaran kitu panalungtikan buku ajar ngaliwatan kagiatan

analisis anu jero kudu dilaksanakeun, lantaran kiwari loba buku ajar anu henteu rélevan jeung kurikulum anu keur lumaku. Suméndér kana panalungtikan anu geus aya nya éta “Rélevansi Pidangan Matéri Buku Ajar Basa Sunda SMP jeung SKKD/KTSP” anu nalungtik rélevansi pidangan matéri buku ajar ditilik tina aspék kaparigelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, nulis) jeung SKKD KTSP, panulis baris nalungtik tingkat rélevansi buku ajar anu leuwih dipuseurkeun kana kasaluyuan matéri jeung SKKD anu ngawengku rélevansi struktur matéri buku ajar, konsép matéri pangdeudeul, jeung ambahan matéri pangdeudeul buku ajar. Judul panalungtikanana nya éta “Rélevansi Matéri Buku Ajar Basa Sunda SMA/SMK/MA jeung SKKD”.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan nya éta rélevan henteuna struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar, konsép matéri pangdeudeul, jeung ambahan matéri pangdeudeul. Ieu masalah baris diwatesanan nya éta *rélevansi matéri buku ajar basa Sunda SMA/SMK/MA jeung SKKD*.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalahna, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap :

- 1) Kumaha struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa?*
- 2) Kumaha rélevansi struktur matéri dina buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, sarta Santika Basa jeung SKKD?*
- 3) Kumaha konsép matéri pangdeudeul anu aya dina buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa?*
- 4) Kumaha ambahan matéri pangdeudeul anu aya dina buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa?*

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta hayang méré gambaran sacara umum ngeunaan tingkat *rélevansi matéri buku ajar basa Sunda SMA/SMK/MA jeung SKKD.*

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun méré gambaran ngeunaan:

- 1) Struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa;*
- 2) Rélevansi struktur matéri dina buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, Santika Basa jeung SKKD;*

- 3) Konsép matéri pangdeudeul dina buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa;*
- 4) Ambahan matéri pangdeudeul dina buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa.*

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis anu dipiharep tina ieu panalungtikan:

- 1) Nambahana pangaweruh ngeunaan tingkat rélevansi buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa;*
- 2) Méré *pencerahan (ilumination)* ngeunaan tingkat rélevansi matéri buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa.*

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis anu dipiharep tina ieu panalungtikan:

- 1) Mikanyaho sababaraha kahéngkéran anu aya dina buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa* sangkan kahareupna bisa nyusun buku ajar anu leuwih saluyu jeung SKKD;
- 2) Dijadikeun tatapakan tiori pikeun milih buku ajar anu cocog, hususna buku ajar pikeun tingkat SMA, SMK, jeung MA.

## 1.5 Anggapan Dasar

Anu dijadikeun dasar pamikiran atawa anggapan dasar dina ngayakeun ieu panalungtikan:

- 1) Buku ajar raket pisan patalina jeung kurikulum anu lumaku dina mangsana;
- 2) Buku ajar mangrupa salah sahiji sarana pangrojong dina lumangsungna prosés diajar di sakola-sakola sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran;
- 3) Kasaluyuan matéri anu aya dina buku ajar jeung kurikulum mangrupa salah sahiji sarat buku ajar anu miboga mutu alus.

### 1.5.1 Wangenan Operasional

Sangkan teu papalingpang jeung pasualanana, dina panalungtikan *rélevansi matéri buku ajar basa Sunda SMA/SMK/MA jeung SKKD* ieu dipedar unggara-ungkara saperti di handap:

- 1) Rélevansi nya éta tinimbangan pikeun méré gambaran ngeunaan patalina dua atawa sababaraha hal anu mibanda sipat teu sarua dumasar kana pikiran logis, tapi aya gunana lamun disawang tina jihat mangpaat;
- 2) Matéri nya éta sakabéh hal anu dijadikeun bahan pangajaran anu geus ditataharkeun ti saméméhna ku guru pikeun ditepikeun ka murid sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran. Ilaharna bahan pangajaran ieu aya dina buku-buku ajar anu geus puguh kapabilitasna;
- 3) Buku ajar nya éta buku pangajaran, mangrupa buku standar anu disusun ku para ahli dina widangna séwang-séwangan, pikeun ngahontal tujuan pangajaran sarta dilengkepan ku rupa-rupa sarana pangajaran, babari kaharti

- ku anu marakéna (para murid) boh di sakola boh di paguron luhur sangkan bisa ngarojong hiji program pangajaran;
- 4) SKKD (Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar) basa jeung sastra Sunda nya éta program pikeun ngamekarkeun pangaweruh, kaparigelan basa, jeung sikep positif kana basa jeung sastra Sunda.

## 1.6 Métode jeung Téhnik Panalungtikan

### 1.6.1 Métode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode deskriptif analitik, Métode deskriptif analitik digunakeun pikeun nyangking data-data anu geus dianalisis anu satulunya dipedar kalawan logis ku cara niténan bagéan-bagéan pasualan sacara komprehensif. Di sagigireun éta, deskriptif analitik ogé baris ngagambarkeun obyék panalungtikan sacara sistematis anu satulunya diwincik kana babagéan analisisna saluyu jeung rumusan masalah anu ditangtukeun dina munggaran panalungtikan.

### 1.6.2 Téhnik Panalungtikan

#### 1) Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik dokuméntasi. Téhnik studi dokuméntasi digunakeun pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan tingkat rélevansi buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, Santika Basa* jeung *SKKD*.

#### 2) Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan diwincik jadi dua tahap nya éta tahap dokuméntasi jeung tahap ngahijikeun data. Dina tahap dokuméntasi ngawengku tilu tahapan nya éta (1) nataharkeun buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa*, jeung *Santika Basa* pikeun dianalisis tingkat rélevansina jeung SKKD, (2) nganalisis buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa*, jeung *Santika Basa* anu suméndér kana instrumén panalungtikanana, jeung (3) nyindekkeun hasil analisis dina runtusan ungkara kalimah déskripsi. Sedengkeun dina tahap ngahijikeun data, sakabéh data hasil analisis dihijikeun sangkan ngawujud jadi sumber data anu gembleng anu satuluyna bisa ngahasilkeun kacindekan sagemblengna ngeunaan tingkat rélevansi buku ajar *Gentra Basa Sunda , Pamager Basa*, jeung *Santika Basa*.